rëbbees na kiy sëy ak soxnaam ci ginnaawam

Jële nañu ci Abuu Hurayrata yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Yonente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc nee na: «rëbbees na kiy sëy ak soxnaam ci ginnaawam».

[Tane na] [Abóo Daawuda soloo na ko, ak An-nasaa'iy ca Al-kubraa, ak Ahmat]

Yonente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc day tere jëkkër ji di sëy ak soxnaam ci ginnaawam; ak ni moom ku ñu rëbb la dàq ko ci yërmàndey Yàlla, te dafa bokk ci bàkkaar yu mag yi.

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/58090